Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи



www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

№ 42 (6729) 5 октябрь 2020 с. Итни Сафар 1442 с. Багьа - эркенаб

БАРКИ

## 5 октябрь – мугIалимасул къо

**Хириял мугIалимзаби! РакI-ракIалъ баркула нужеда байрам – мугIалимасул къо!**

Нужеца тIаса бищун буго бигьаяб гуреб, амма къадруяб махщел - нилъер гIолеб гIелалъе лъаялде нух бихьизаби, ритIухълъи, лъикIлъиялде ва берцинлъиялде рокьи гьезулъ куцай. КиналгIаги методикиял ва дарсил алатаз хисуларо мугIалимасул хIеренаб калам ва рекIел хинлъи. ЦIалдохъанасе гъваридаб лъайкьеялда цадахъго гIумруялъул битIараб нух тIаса бищизе, ритIухълъигун берцинлъи цIунизе, цеветIурав инсан вахъиналъе кумек гьабула унго-унгояв мугIалимасул. Нилъер лъималазул ва пачалихъалъул букIинеселъул жавабиял руго нилъ киналго. Лъайкьей цебетIезабиялде кIвар кьолеб буго Бакълъулазул районалда. Камиллъизабула педагогазул махщел, лъайкьеялда хIалтIизарула гьанжезаманалъул технологиял, цIалул идарабазда гIуцIула санагIатал шартIал. МугIалимасул къадру цIикIкIинабизе, гьесул гIумруялъе ва хIалтIуе мустахIикъал шартIал гIуцIизе хадубккунги хIаракат бахъизе буго. Гьарула нужее район, Дагъистан ва Россия церетIезариялъе гьабулеб хIалтIулъ бергьенлъаби! Биччанте букIине кидаго роцIцIараб зоб, лъималазул гьимиялъ ва берцинлъиялъ кверщел гьабизе ракьалда тIад. Нужер щивасе тавпикъ кьеги мугIалимасул къадруяб цIар борхатго цIунизе.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

СИЯСАТ

## Район цебетIей депутатазул хIаракатчилъиялдаги бараб буго

### Районалъул депутатазул Собраниялъул сессия

**30 сентябралда Бакълъулазул районалда тIобитIана муниципалитеталъул депутатазул Собраниялъул сессия.**

Сессиялде къабул гьарун рукIана Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов, гьесул заместителал МухIамад Хьарагишиев, Малик Маликов, Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулев Шамил Мажидов, ЦРБялъул бетIерав тохтурасул ишал тIуразарулев Муртуз Нажмудинов, имамзабазул Советалъул нухмалъулев Юнус НурмухIамадов, учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулел, росабазул бутIрул ва цогидалги. Районалъул депутатаз рищана Собраниялъул председатель, заместитель, комитетазе нухмалъулел.

«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов кIалъазе вахъана сессиялда. Гьес бицана районалда гьабулеб бугеб гIемер рахъазулаб хIалтIул хIакъалъулъ, депутатазе гьарана гIагараб ракь цебетIезабиялъе гIоло гьабулеб хIаракатаб хIалтIулъ бергьенлъаби.

«Ассаламу гIалайкум, цIияб ахIиялъул районалъул депутатазул Собраниялъул гIахьалчагIи! ХIурматиял депутатал, тIаде къабул гьарурал! Гьаракь кьеялъул цогояб



къоялъ, 13 сентябралда ва болжал цвелалдего гьаракь кьураб гьелда цебесеб кIиго къоялъги Бакълъулазул районалъул гIадамаз рищиялда жигараб гIахьаллъи гьабуна. Халкъалъ рищаразе гьарула жидеде гьабураб божилъи ритIухъ гьабизе къуват, щивав депутатасул хIаракатчилъиялда бараб росу, район цебетIей»,-ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

Районалъул администрациялъ тIуразарулел руго нилъер гIагараб ракьалда цере чIарал масъалаби, гIумруялде рахъинарулел руго жиделе хIажалъи бугел проектал, кумек гьабулеб буго гIуцIабазе ва учреждениязе, жамгIиялгун хайир кьолел хIаракатазе. Араб соналъ федералияб ва республикаялъулаб бюджеталдаса Бакълъулазул районалъул росдал магIишаталъул нигIматал гIезарулезе агропромышленнияб комплекс цебетIезабизе щвана 19 млнгун 502 азарго гьурущ, гьелдаго гьоркьоб байбихьулел фермеразе 13 млн гьурущ.

2018-2019 соназ «100 школа» проекталда рекъон 6 школалъе капиталияб ремонт гьабуна, 2020 соналъ гьеб гьабулеб буго 3 школалъе. Район гIахьаллъулеб буго батIи-батIияв федералияб программабазда. ЦIи гьарун къачIалел руго росабалъ кьватIал, гьарулел руго паркалъулал зонаби. 2019-2020 соназ росабалъ лъуна 30 трансформатор. ЦеретIеял руго сахлъи цIуниялда.

ХIисабалде босун буго 2024 соналде районалъул киналго росабалъе газ бачун лъугIизабизе.

Сессиялда кIалъазе рахъана районалъул финансазул отделалъул нухмалъулев РурухIма Халидов, районалъул имамзабазул Советалъул педседатель Юнус НурмухIамадов, Гумбеталъул гIолилазул централъул нухмалъулев МухIамад Зубайиров, районалъул администрациялъул аппараталъул нухмалъулев ИсмагIил Салатгереев,ТИКалъул председатель ГIабдулмажид Амагаев ва цогидалги. Бакълъулазул районалъул Собраниялъул председатель Мухтар АхIмадов гьесул заместительлъун ТIалхIат МуртазагIалиев рищана.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

## ХIажимурад МухIамадов: «Транспорталъул налог районалде нахъбуссинабула нухал къачIазе»

### Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас тIобитIана налогал ракIариялъул суалгун дандельи

**29 сентябралда Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас тIобитIана налогазул киналго тайпаби ракIари лъикI гIуцIиялъул суалгун дандельи.**

Хасго кIвар кьуна транспорталъул налог бакIариялде. Дандельиялда гIахьаллъана Россиялъул ФНСалъул районазда гьоркьосеб №12 инспекциялъул кIудияв налоговияв инспектор, территориалияб 0509 участкаялъул нухмалъулесул ишал тIуразарулев Тажудин МухIамадов, районалъул администрациялъул экономикаялъул отделалъул нухмалъулев Хайрудин Халидов, районалъул бетIерасул кумекчи ГIабдурахIман МухIамадов,

(Ахир-кIиабилеб гьум.)

**НОМЕРАЛДА РУГО:**



**COVID-19 пандемиялъ зарал ккезабурай ХIажиева**

2 гьум.



**«Гумбет» медиагруппаялъул ва «Дагъистан» РГВКялъул журналистал хьиндалазул ахакь**

2 -3гьум.



**МугIрузул Дагъистаналдаги кIудиябълъун ккола ЦIияб Аргъвани школа**

2 гьум.



**ШагIир, мугIалим, жамгIияв хIаракатчи ГIиса Шарапудиновасул 70 сонилаб юбилей**

-3 гьум.

# ХIажимурад МухIамадов: «Транспорталъул налог районалде нахъ буссинабула нухал къачIазе»

(Байбихьи-тIоцебесеб гьум.) финансовияб управлениялъул нухмалъулесул заместитель МухIамад МухIамадханов, росабазул бутIрул ва цогидалги.

«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас ракIалде щвезабуна налогал ракIариялъул кIвар, киналго ахIана районалъул гIадамазе гьел ракIариялъул гражданлъиялъулаб налъи тIубазе кумек гьабизе.

«Транспорталъул налог районалде нахъ буссинабула нухал къачIаялда харж гьабизе. БакIалъул бюджеталде гIуцIиялъе кьучIлъун ккола налогазул цогидал тайпабиги. Налогазул кIвар буголъи бичIчIун, гьел жиндир заманалда ракIаризе ккола»,-ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

Почалъул бухьеналъул МелъелтIа отделениялъул нухмалъулей АлхIанат МухIамадовалъ баян кьуна налогал почалъул гIуцIабазул офисаздасанги рецIизе бегьулин.



Районалъул администрациялда цебе гIуцIараб ведомствалда гьоркьосеб хIалтIулаб комиссиялъ росабалъеги ун, гIадамазда ричIчIизарулел буго налогазул законодательстваби, гьабулеб буго консультативияб, правовияб кумек налогал гIадамаз рецIиялъе.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

# Школал хасалоялде хIадурлъиялъул суалги борхана

### Лъайкьеялда хурхарал проектал гIумруялде рахъинариялъул суалал гьоркьор лъуна данделъиялда

**28 сентябралда «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас данделъи тIобитIана «100 школа», «Росдал мугIалим», республикаялъулал адресниял инвестиционниял программаби, «Щибаб лъимадуе - цебетIей», школалда гьаваялъулабгун хинлъиялъул къагIида ва цогидалги хIаракатчилъиял гIумруялде рахъинариялъул суалал рорхараб данделъи.**



Данделъиялда гIахьаллъана федералиял, республикаялъулал ва муниципалиял идарабазул вакилзаби, учреждениязул нухмалъулел ва цогидалги. Районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас лъайкьеялъул бутIаялда проектал бергьенлъиялда тIуразелъун, киналго ахIана жигаралда хIалтIизе ва муниципалитеталъул гIумруялъул щибаб бутIаялда лъикIал хIасилал росизе.

Районалъул администрациялъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул аслияв специалист Сурхай Сурхаевас бицана лъайкьеялда бугеб хIал.

Райадминистрациялъул экономикаялъул отделалъул нухмалъулев Хайрудин Халидовас баян гьаруна «100 школа» проект гIумруялде бахъинабиялъул, районалъул цIалул заведениязда хинлъи чIезабиялъул бугеб хIал ва гьарурал цогидалги хIалтIаби.

МухIамад Хъарагишиевас данделъиялъул хIасилал гьаруна, щибаб проекталда хурхун тIадкъаял кьуна ва киналго хIалтIаби гIужда ва качествалда лъугIизарун, объектал болжалалда хIалтIизаризе кьеян лъазабуна.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

# «Гумбет» медиагруппаялъул ва «Дагъистан» РГВКялъул журналистал хьиндалазул ахакь

### «Бакълъулазул меседилаб хаслихълъиялъул кьерал» пресс-тур тIобитIана

**«Гумбет» медиагруппаялъул хIаракаталдалъун Бакълъулазул районалда тIобитIана «Гумбеталъул меседилаб хаслихълъиялъул кьерал» абураб пресс-тур. Гьениб гIахьаллъи гьабуна мугIрузул улкаялъул спутникалъулаб телеканал «Дагъистан» РГВКялъул цIиял харбазул хIакъалъулъ телепередачаби хIадурулезул кьокьа.**

Журналистаз камераль ва фотоаппаратаз рахъана цIулакьо, гени, гIеч, граната ва цогидалги пихьал ракIарулеб къагIида. «Гумбет» медиагруппаялъул нухмалъулев, Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул член ХIамзат ГIизудиновас баян гьабуна муниципалитеталъул СМИялъ кIудияб хIалтIи гьабулеб бугин гIагараб ракь дунялалда рагIизабиялъе, федералиял ва республикаялъулал медиагруппабигун цадахъ рекъон хIалтIи бачунеб бугин район машгъур гьабиялъе.

Пресс-туралъул гIахьалчагIаз бахъана пихъил бачIин бакIарулеб къагIида, кварил кьоялдасан гIорул цогидаб рахъалде ана. Ахихъабаз гени, гIеч, граната ва цогидалги нигIматал ГIанди гIоралда тIасан кварил кьодасан щвезарула.

**(Ахир-лъабабилеб гьум.)**

ХАЛКЪАЛЪУЛ УРГЪАЛИДА

# COVID-19 пандемиялъ зарал ккезабурай ХIажиева

### Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас гIадамал къабул гьаруна

**29 сентябралда Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас гIадамал къабул гьаруна.**

ГIадамаз рорхана социалиябгун экономикияб бутIаялда, АПКялда хурхарал ва цогидалги кIвар бугел суалал. Предпринимательлъи гьабулей Лъанлъари росулъа Шайма ХIажиевалъ бицана COVID-19 пандемия сабаблъун жиндие зарал кканин, нухда бугеб кафеялда хIалтIи чIезабизе ккеялъ. Гьелъие лъазе бокьун бугоан кафе цIидасан хIалтIизабизе кида рагьизе бегьулебали.

«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов кIвар кьун гIенеккана тIаде ячIарай гIаданалъухъ. Баян гьабуна COVID-19 пандемиялъ тIолабго дунялалдаго зарал кьунин. Россиялъул ва Дагъистаналъул нухмалъиялъ гIемераб хIалтIи гьабулеб бугин хъизабазе, бизнессалъе ва экономикаялъул цогидалги бутIабазе бажарараб кумек гьабиялъе.

«COVID-19 тIибитIиларедухъ Дагъистаналда хадубккунги бильанхъизабулеб буго Роспотребнадзоралъ чIезабураб гIорхъи чIваялъул низам. ЖамгIиял бакIазда разе ккола маскаби, цIунизе ккола гIадамазда гьоркьоб букIине ккелеб манзил. Санитариябгун рахунел унтабазул ахIвал-хIал лъикIлъизегIан хIалтIизе ричалел гьечIо гIаммаб квана-гьекъеялъул бакIал. ХIажатал тадбирал гьарулел руго гIадамазул гIумру хвасар гьабиялъе, гьезул сахлъи цIуниялъе»,-ян абуна ХIажимурад МухIамадовас. Гьес Шайма ХIажиевалда дагьабги сабру гьабеян, захIматаб заман тIаса инегIан яхI бахъеян абуна.

**«Гумбет» РИО**

ГIЕЛМУ-ХАЗИНА

# МугIрузул Дагъистаналдаги кIудияблъун ккола ЦIияб Аргъвани школа

### Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас халгьабуна ЦIияб Аргъвани школа баялъул

**28 сентябралда Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас хал гьабуна ЦIияб Аргъвани гьоркьохъеб школа бай кин унеб бугебали. ХIалтIулаб сапаралъул заманалда муниципалитеталъул бетIер дандчIвана Северияб Кавказалъул федералияб округалъул бакIал ралезул Гильдиялъул генералияв директор ГIали Шахбановгун ва «ХК «Трансстрой»» ООО-ялъул вакилзабигун. Гьез тIубазабулеб буго гьеб школа баялъул хIалтIи.**



250 цIалдохъанасе бакI бугеб лъайкьеялъул гьеб объект Гумбеталда гуребги, мугIрузул Дагъистаналдаги кIудияблъун ккола. ЦIалул корпусалда цадахъго, школалда хIалтIизе буго 50 цIалдохъанасе бакI бугеб интернат, спортивияб комплекс, берцин къачIараб азбаралда букIине буго воркаут-байдан, лъималазе аттракцион. ЦIияб Аргъвани школа бай ккола бакълъулазе къиматаб сайгъат»,-ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

Школа балеб буго республикаялъул адресниял инвестиционнияб программаялда рекъон. ГьабсагIат цIияб школалъе мебель ва оборудование босизе лъазабун буго 15 лот. Подрядниияб гIуцIиялъул вакилзабаз Бакълъулазул районалъул бетIерасе баян гьабуна жидеца тIадеросарал хIалтIаби тIуразаризе ругин ва объект гьел лъугIун хадуб хIалтIизабизе кьезе бугин.

ЦIияб Аргъвани гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев Башир Башировас баркала кьуна лъайкьеялъул цIияб учреждение баралъухъ республикаялъул ва муниципалияб нухмалъиялъе.

**«Гумбет» РИО**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН...

# ШагIир, мугIалим, жамгIияв хIаракатчи ГIиса Шарапудиновасул 70 сонилаб юбилей

## Гьесул тIахьазул выставка гIуцIана централияб библиотекаялда

**Бакълъулазул районалъул Инхоса ГIали-хIажиясул цIар къураб централияб библиотекаялда гIуцIана Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул член, Дагъистаналъул мустахIикъав учитель, жамгIияв хIаракатчи ГIиса Шарапудиновасул тIахьазул выставка ва стенд. Гьеб сайгъат гьабун букIана шагIирас 70 сон тIубаялъул юбилеялъе.**

Тадбиралда гIахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиев, районалъул администрациялъул культураялъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIманов, ЦБСалъул нухмалъулев МахIмуд Загьиров ва цогидал.

Игьали гьоркьохъеб школалдаги гIуцIана ГIиса Шарапудиновасул юбилеялъул хIурматалда экспозиция. «Гумбет» газеталъул бетIерав редактор, Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул член ХIамзат ГIизудиновас бицана Шарапудиновас кIудияб бутIа лъолеб бугин районалъул маданият, литературияб творчество цебетIезабиялъулъ.

«ГIиса Шарапудинов вуго аваразул машгьурав шагIир, халкъалъе рокьулел тIахьазул автор. Гьес хъвана тарихияб тематикаялда гурелги, гьанжесеб заманалъул хIакъалъулги асарал. Гьев ккола Гумбеталъул Гимназалъул автор.

ГIисаца гIемер сонал кьуна мугIалимлъиялъул хIаракатчилъиялъе. Игьали гьоркьохъеб школалъул нухмалъулесул тарбия кьеялъул рахьалъ заместительлъун хIалтIулаго, гьес кIудияб хIалтIи гьабулеб буго гIолеб гIелалъе рухIиябгун лъикIаб гIамал-хасияталъул тарбия кьеялъе. РакI-ракIалъ баркула ГIиса Юсупович Шарапудиновасда 70 сон тIубай, гьарула щулияб сахлъи, цIиял тIахьал хъвазе къуват-бажари ва кинабго лъикIабщинаб»,-ян абуна ХIамзат ГIизудиновас.




«Гумбет» РИО

БАРКУЛА

# Бакълъулазул гIолилазул централъул нухмалъулесе медаль кьуна

**Бакълъулазул районалъул гIолилазул централъул нухмалъулев МухIамад Зубайировасе, Россиялъул президент Владимир Путиница чIезабураб Россиялъего гIаммаб цоцазе кумек гьабиялъул #МыВместе акциялда хIаракатаб гIахьаллъиялъе гIоло медаль кьуна.**

Коронавирусалъул инфекция тIибитIизе биччангутIиялъе гIоло къеркьолеб заманалда районалъул администрациялъул гIолилазул централъ гIуцIун букIана волонтеразул кьокьа. Гьез кумек гьабуна херазе.

Районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас МухIамад Зубайировасда баркана шапакъат ва гьарана хIалтIулъ бергьенлъаби.



«Гумбет» РИО

КЬУРУЛЪ КЬАБУРАЛ МАГIАЛ, МАГIАРУЛАЛ ЧIАХЪАГИ

# Щабдухъа МухIамад Мурадов - Россиялъул чемпион

**Бакълъулазул районалъул Щабдухъ росулъа МухIамад Мурадов Россиялъул чемпионлъун вахъана Москваялда тIоритIарал всестилияб каратэялъул къецазда.**

МухIамад цеве вахъана 80 кг цIайиялда. Гьесие путевка бергьана Турциялъул Анталия шагьаралда букIине бугеб дунялалъул чемпионаталде ине.

Бакълъулазул районалъул гIолилаз баркулеб буго МухIамадовасда Россиялъул чемпионлъун вахъин ва гьарулеб буго спорталда хадубккунги бергьенлъи.



«Гумбет РИО

КЬУРУЛЪ КЬАБУРАЛ МАГIАЛ...

# МелъелтIаса Мурадбег МухIамадовасе щвана меседил медаль

**Москваялда «Содружество» спорталъул кIалгIаялда тIобитIана грэпплингалъул турнир.**

Турниралда гIахьаллъана Бакълъулазул районалъул МелъелтIа росулъа Мурадбег МухIамадов. 92 цIайиялда Мурадбег бергьана ва меседил медаль щвана.

Мурадбег МухIамадовасда районалъул гIолилаз баркулеб буго гьеб шапакъат щвей ва гьарулеб буго хадурккунги цIия-цIиял бергьенлъаби.




«Гумбет» РИО

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

# «Гумбет» медиагруппаялъул ва «Дагъистан» РГВКялъул журналистал хьиндалазул ахакь

(Байбихьи-кIиабилеб гьум.)

ЦIулакьо бакIариялъул махщалилав МухIамадмирза МухIамадовас бицана жиндир махщел палугъанлъи гьабулесда рельараб бугин.

Рорхатал цIулакьодул гьутIбузде гьев хехго харула, халатаб мокъги босун, гьутIбузул гIаркьалабаздаса цIулакьо гьинабула.

ГIалибег Тахо-Годил цIар кьураб ДРялъул миллияб музеялъул ЧIиркьатIа бугеб филиалалъул нухмалъулев Ибрагьим Ибрагьимовас хIадурун буго гага ва цIулакьо бекулеб аппарат.

«ЦIулакьо буго сахлъи щула гьабулеб, витаминаздалъун бечедаб нигIмат. Гьелъул гьабула урба, кIалбиччанкъоялъул аслияб квен-натIухI. Салатал гьарулаго, цоги квеназулъги хIалтIизабула цIулакьо, гьелъул бахъула нах. ЦIулакьодул гьветIалъ нусгоялдаса цIикIкIун сон бала. ГIалимзабаз чIезабун буго цIулакьо кванаялъ гIадалзул нахул хIалтIуе лъикIаб асар гьабулин, ракIалда жо чIезе, рекIелгун бидурихьазул, эндокриниял, нервабазул, онкологиялъул унтабазде данде чIеялъе, гемоглобин цIикIкIинабиялъе кумек гьабулин. ЦIулакьоялда гьорлъ буго натрий, цинк, махх, пахь, марганец, магний, калий, йод, B, C, E группаялъул витаминал. ГIадада гуреб абулеб цIулакьодул гьветIалда - гIумруялъе хIажатаб гьветIилан. Пачаясул заманалдаги цIулакьо дару хIисабалда хIалтIизабулаан. Бакълъулазги нус-нус соназ гIезабула цIулакьо»,-ян бицана Ибрагьим Ибрагьимовас.

Ахихъан УхIума Ибрагьимовасул ах буго ГIанди гIорул квегIаб рахьалда. Хаслихълъи тIаде щварабго бакIарула гьес гени, гIеч, цIибил, граната ва цогидалги нигIматал ва кварил кьодасан гIорул цогидаб рахьалде баччула.



«Сельсовет «Игалинский»» росдал поселениялъул бетIер ГIабдула Сулаймановас гьираялда дандчIвай гьабуна гьалбадерида. ГIабдулагьица гьел рачана экскурсиялъ росулъ бакI-бакIалде, ахакье.

Пресс-туралъул программа лъугIараб мехалда, журналистал щвана ЦIияб Аргъваниб школа балеб бакIалде. «Дагъистан» РГВКялъул журналистаз гара-чIвари гьабуна ЦIияб Аргъвани гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев Башир Башировасулгун, гьесул заместитель Маржанат ГIалиевалъулгун, школалъул цIалдохъабазулгун, гьезул умумузулгун, хIадурана телепередачаби. Эргъвендерица баркала загьир гьабулеб букIана республикаялъул ва муниципалиял нухмалъулезе, лъайкьеялъул цIияб учреждение бараллъухъ.

Бакълъулазул районалде рачIарал гьалбал кIочонарел ракIалде щвеялгун, «Гумбет» медиагруппаялъе баркалаги кьун ана.

«Гумбет» РИО

ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ ЦЕРЕХЪАБИ

## Физикаялъул мугIалим Гъайирбег МухIамадов

**36 соналъ хIалтIулев вуго мугIалимлъун Бакълъулазул районалъул ЧIиркъатIа росулъа Гъайирбег МухIамадов.**

ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школа лъугIун хадув Гъайирбег 1979 соналъ Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул физикаялъул факультеталде цIализе лъугьана. 1984 соналъ физика кьолев мугIалимасул махщелгун тIад вуссана. Районалъул лъайкьеялъул отделалъ гIолохъанав мугIалим витIана Аргъвани гьоркьохъеб школалда хIалтIизе. 1988 соналдаса 7-11 классазул цIалдохъабазе физикаялъул дарсал кьолел руго ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школалда. МугIалимлъиялда цадахъго 1988-2016 соназ хIалтIана ЧIиркъатIа ДЮСШялда торгIо хIаялъул тренерлъун. 2019 соналъул сентябралдаса физика гIелму малълулеб буго Аргъвани гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабаздаги.



Гъайирбег МухIамадовас тарбия ва лъай кьун къватIире риччана чанго гIел. Гьев ккола тIоцебесеб категориялъул мугIалим. 1999 соналъ щвана «ДРялъул халкъияб лъайкьеялъул отличник» абураб цIар. 2009 соналъ Россиялъул мугIалимзабазда гьоркьов бергьун кьуна РФялъул президентасул грант. Гъайирбег ккола РФялъул лъайкьеялъул хIурматияв хIалтIухъан.

Жиндирго хIалтIи мухIканго лъалев, лъималазе гьваридаб лъай щвезелъун свак лъачIого хIалтIулев МухIамадовасе гIолеб гIелалъе лъикIаб лъайгун тарбия кьеялъе гIоло ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школалъ, районалъул лъайкьеялъул отделалъ, «Гумбет район» муниципалияб районалъ хIурматалъул грамотаби кьуна. ЕГЭялда 2020 соналъ физика гIелмуялъе тIадегIанал хIасилазе гIоло Аргъвани гьоркьохъеб школалъул дирекциялъ грамота кьуна.

Гъайирбегица лъай борхизабуна ДИРОялда. 25 соналъ гьабуна классазе нухмалъи. Бергьана 2008 соналъ «ЛъагIалил класс» конкурсалда, щвана призалъе видеокамера.

МухIамадов кIиго ахIиялда районалъул Собраниялде депутатлъун, гьединго росдал Собраниялде депутатлъунги вищана.

Гьев гьираялда гIахьаллъана физикаялда, астрономиялда хурхарал суалал рорхараб 11 гIелмиябгун практикияб конференциялда. КIвар бугел темабигун, цIалдохъабазулгун жиндаго гьабураб хIалтIул хIалбихьиялъул бицун докладалгун цеве вахъана.

Хадувккунги жеги лъикI хIалтIизе сахлъи кьеги Гъайирбег МухIамадовасе.

ЗИГАРА

## МухIамад КъурбангIалиевич ПатахIов



**Дагъистаналъул адабияталъе кIудияб ками ккана. Къадаралде щвана нижер гьалмагъ ва пишацояв, машгъурав аваразул шагIир ва публицист, литературияб «Гъудуллъи» журналалъул редактор МухIамад ПатахIов.**

ГIемераб хIалтIи гьабуна гьес авар мацI цIуниялъе, Дагъистаналъул адабият гIемерлъизабиялъе. Асарал авар мацIалде руссинарулаан.

МухIамад ПатахIов гьавуна 1962 соналъул 1 августалда Хунзахъ районалъул Сивухъ росулъ. ЛъугIизабуна культураялъул училище ва Москваялда М. Горькил цIаралда бугеб литературияб институт. ХIалтIана Хунзахъ районалъул маданиял учреждениязда, республикаялъул «ХIакъикъат» газеталъул корреспондентлъун, культураялъул отделалъул заведующийлъун, Хунзахъ районалъул «Росдал захIматчи» газеталъул редакторлъун, республикаялъул «ХIакъикъат» газеталъул цадахълъел (приложение) «ХIакъикъат» журналалъул редакторлъун.

ГIемер соназ хIалтIана Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союзалъул правлениялъул секретарьлъун, аваразул хъвадарухъабазул секциялъул нухмалъулевлъун, авар мацIалда бахъулеб «Гъудуллъи» журналалъул редакторлъун.

МухIамад 1991 соналдаса Россиялъул журналистазул Союзалъул, 2003 соналдаса Россия хъвадарухъабазул Союзалъул член кколаан.

Гьес хъварал материалал тIоцере рахъана «Росдал захIматчи», «БагIараб байрахъ» газетазда, «Гъудуллъи», «Лачен», «МагIарулай» журналазда ва цогидалги басмабазда. Дагъистаналъул тIахьазул издательствоялда 1986 соналъ къватIибе биччана тIоцебесеб тIехь. Гьев ккола гIемерал тIахьазул автор.

М. ПатахIовасе щвана «ДРялъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан» абураб цIар, адабияталъул бутIаялда премия. Кьуна ДРялъул пачалихъияб Советалъул, миллияб политикаялъул, культураялъул министерствабазул ХIурматалъул грамотаби, А. Грибоедовасул медаль.

Гьваридаб пашманлъиялдалъун загара бала МухIамадил гIага-божаразда. Ахират лъикIаб кьун батаги гьесие. МухIамад ПатахIов ракIалда вукIина гьев лъалезда, гьесул творчествоялъул кьимат гьабулезда.

**Гъудул-гьалмагъзабазул къокъа**

РОРХАТАЛ МУГIРУЗДА РУГО ГIАДАМАЛ

## Бакьулъ Гьарадирихъе - баркалаялъул кагъат

### Бакълъулазул гIолохъабаз ракI бацIцIадго хъулухъ гьабулеб буго Россиялъул Яргъилал Къуватазда

**Бакълъулазул районалдаса гIолохъабаз ракI бацIцIадго хъулухъ гьабулеб буго Россиялъул Яргъилал Къуватазда. Гьелъие нугIлъи гьабула рагъулаб хъулухъалда ругел васазул эбел-инсухъе частазул командирзабаз рачIунел баркалаялъул кагътаз.**



Гьаб соналъул сентябрь моцIалъ Бакьулъ Гьарадирихъа солдат ХIамзат Расуловасул эбел-инсухъе 28037-аб рагъулаб частиялъул командир гвардиялъул полковник Игорь Гуфраевас бачIана баркалаялъул кагъат. Гьелда хъвалеб буго: «ХIурматиял Малачи ГIамиргIалиевич ва Мадина Абакаровна! Изну кье ракIракIалъулаб баркала нужее загьир гьабизе гьадинав вас гIезавуралъухъ, гьесие ВатIан бокьиялъул рухIалда тарбия кьуралъухъ. Нужер вас Расулов ХIамзат Малачиевичас живго вихьизавулев вуго гIадлу бугев, ракI бацIцIадав, тIадкъараб иш мисалияб куцалъ тIубалев рагъулав хъулухъчи хIисабалда. Гьесул гьира буго лъай ва махщел борхизабизе. Гьарула нужее хьизамалъе щулияб сахлъи, талихI, икъбал ва бергьенлъаби».

**«Гумбет» РИО**

2020 -РАКIАЛДЕ ЩВЕЯЛЪУЛ ВА РЕЦЦАЛЪУЛ СОН

## «БахIарчилъиялъе гIоло» медаль щварав

**Бакълъулазул районалъул ЦIиликь росулъ 1921 соналъ гьавуна ДибирхIажи ХIайдарбегов.**



КIудияб ВатIанияб рагъде ана 1942 соналъул октябралда. Вагъана фашистазда данде 77 абилеб кавалериялъул полкалда гьорлъ Москваялда гIагарлъухъ, Москва областалда. Гьениб бихьизабураб бахIарчилъиялъе ва къо хIехьеялъе гIоло щвана медаль. Шапакъатал щвана рагъдаса тIад вуссун хадуби.

ДибирхIажи хIалтIана ЦIиликь росдал Советалъул, ЧIикь росдал колхозалъул нухмалъулевлъун, МелъелтIа централияб больницаялъул завхозлъун. Хадув гочана Хасавюрт шагьаралде ва 2002 соналъ къадаралде щвана.

**ГIазра Абубакарова**

2020 -РАКIАЛДЕ ЩВЕЯЛЪУЛ ВА РЕЦЦАЛЪУЛ СОН

## Пулеметчик ГIабдурахIим ХьарахIмаев

**1918 соналъ Бакълъулазул районалъул ЦIиликь росулъ гьавуна ГIабдурахIим ХьарахIмаев. КIудияб ВатIанияб рагъде ана 1942 соналъ.**



ВачIинахъего ккана Курск областалде, 65-абилеб армиялъул 193-абилеб девизиялде. ГIабдурахIим вукIана махщел бугев пулеметчик.

Рагъулаб хъулухъ лъикI тIубаялъе гIоло щвана шапакъатал. Рокьове вачIана 1946 соналъ. ХIалтIана ЦIиликь Ленинил цIаралда бугеб колхозалъул хъаравуллъун. Хадув гочана Хасавюрт шагьаралде. Гьенив батIи-батIиял бакIазда хIалтIана. Къадаралде щвана Хасавюрт шагьаралда ва гьенив вукъун вуго.

**ГIазра Абубакарова, ЦIиликь росдал библиотекаялъул нухмалъулей**

БетIерав редактор ХIамзат МухIамадович ГIизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияб секретарь Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал: Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1001
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.